



Pou Piblikasyon Imedya: 25/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS KE 7.1 MILYON DOLA NAN SIBVANSYON
FORÈ KOMINOTÈ AK IBEN POU 23 PWOJÈ NAN TOUT ETA A**

***Pwojè Lwa sou Rediksyon Enflasyon an finanse yo plante pye bwa ak ogmante
rezistans forè kominotè nan kominote defavorize yo***

***Pwojè plantasyon an pral kontribye nan objektif '25 milyon pye bwa dis 2033'
Gouvènè a***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a benefisyè Sibvansyon Forestye Iben ak Kominotè ki te finanse pa U.S. Forest Service atravè Lwa sou Rediksyon Enflasyon (Inflation Reduction Act, IRA) istorik la. Sibvansyon ki totalize plis pase 7.1 milyon dola pral sipòte 23 pwojè forè nan vil yo, patikilyèman nan kominote defavorize yo ki pote plis fado polisyon anviwòmantal ak efè chanjman klimatik yo. Prim yo konplete dirèkteman angajman Eta Leta 2024 Gouvènè Hochul la pou plante 25 milyon pye bwa dis 2033 ak angajman resan yo atravè Lwa sou Obligasyon Anviwòmantal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt la ak lòt investisman Eta New York pou kiltive kominote ki pi vèt ak an sante.

"Lwa sou Rediksyon Enflasyon Prezidan Biden lan ap bay Nouyòkè yo aksè ekitab ak pye bwa, amelyore kalite lè a, diminye chalè ekstrèm, epi bay anpil lòt avantaj pou Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Eta New York rekonesan dèske l fè patenarya sou pwojè sa yo nan kad 87 milyon dola total sibvansyon federal ki pral ede ogmante efò eta ak lokal yo pou plante ak pran swen pye bwa piblik yo, ankouraje anviwòmman ki pi an sante, epi amelyore kalite lavi."

Pwojè yo chwazi yo reprezante yon efò kolaborasyon ant gouvènman lokal yo, òganizasyon san bi likratif, ak gwoup kominotè yo pou kreye forè iben ki pi ekitab ak fleksib fas a ogmantasyon tanpèt ak chalè ekstrèm ki lakòz chanjman klimatik yo. Pami pwojè ki finanse yo genyen inisyativ pou angaje ak piblik la nan jefò pou plante pye bwa ak jerans, ogmante ovan pyebwa nan espas piblik ouvè yo, epi ogmante oswa elaji plantasyon sou wout yo nan kominote ki defavorize yo. Efò sa yo alinye ak konsèvasyon ak ajanda anviwòmantal Gouvènè Hochuls ki pi laj, sa enkli amelyore espas ouvè ki egziste yo ki konte nan objektif Eta New York pou prezève 30 pousan tè

ak dlo disi 2030, sipòte objektif klima Eta a, ak avanse jistis anviwònmantal nan tout eta a.

Sibvansyon yo administre atravè Pwogram Forè Iben ak kominotè DEC la, ki travay pou ogmante sansibilizasyon piblik sou enpòtans pye bwa yo epi ede kominote yo kreye forè ki an sante pandan y ap amelyore kalite lavi pou rezidan yo.

Finansman pou sibvansyon sa a disponib atravè alokasyon eta a ki soti nan Sèvis Forè Depatman Agrikilti Etazini (U.S. Department of Agriculture, USDA) an atravè Lwa sou Rediksyon Enflasyon (Inflation Reduction Act, IRA) an. Sèvis Forè USDA ap alwe finansman sa a pou sipòte pwojè nan kominote defavorize yo pou ogmante ak kenbe yon ovan iben ki an sante ak aksè ekitab ak pye bwa ak benefis yo bay yo. [Pwogram Forè Iben ak kominotè Sèvis Forè a](#) otorize finansman pou yon pakèt aktivite, tankou itilizasyon bwa nan milye iben yo, forè manje nan milye iben yo, diminisyon chalè ekstrèm, ak devlopman mendèv.

Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la, Sean Mahar, te deklare, "Forè iben jwe yon wòl enpòtan nan diminye polisyon nan lè a epi ede anpeche oswa bese anpil enpak devastatè sou sante, anviwònman ak ekonomik chanjman klimatik yo. DEC remèsye Administrasyon Biden-Harris la, delegasyon Kongrè New York la, ak Gouvènè Hochul paske li priyore klima nou an ak byennèt jeneral Nouyòkè yo ak finansman sa a pou sipòte inisyativ ki ankouraje jerans anviwònmantal, peyizaj fleksib, ak vitalite ekonomik."

Direktè pou Rejyon Nòdès Sèvis Forè USDA, nan kad Pwogram Forè Iben ak kominotè Rejyonal la, Danielle Gift, te deklare, "Lwa sou Rediksyon Enflasyon Finansman forè iben ak kominotè a pral sipòte kominote yo pou yo vin pi rezistan fas ak chanjman klimatik yo epi konbat chalè ekstrèm ak efè refwadisman ogmantasyon kouvèti ovan pyebwa iben yo. Kominote yo pral fè eksperyans kondisyon sante forè amelyore, plis aksè ekitab nan benefis pyebwa yo, ak yon ekspozisyon elaji ak aksè nan chemen karyè nan anviwònman an. Sèvis Forè USDA fyè pou l fè patenarya ak Eta New York pou mete finansman sa a sou teren nan kominote ki defavorize yo, kote li pi nesèsè yo."

Lidè Majorite Sena a, Chuck Schumer, te deklare, "New York, pran pèl ou epi pare pou fouye pou plante anpil nouvo pye bwa! 7+ milyon dola sa nan finansman federal ki soti nan Lwa sou Rediksyon Enflasyon mwen te defann pral ede forè iben yo devlope soti nan Binghamton rive Batavia ak Rochester rive New Rochelle. Mwen te goumen anpil pou plante finansman pou pye bwa nan Lwa sou Rediksyon Enflasyon an pou kominote nou yo kapab abòde efè polisyon ak chalè brital nan chanjman klimatik lè yo plante forè iben yo. Plis pye bwa vle di yon anviwonman ki pi vèt ak pwòp ak yon pi bon kominote pou tout moun. Mwen rekonesan pou patenarya Gouvènè Hochul pou asire ke dola federal sa yo sèvi byen pou konstwi yon avni ki pi fre ak pi vèt pou New York."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Elaji aksè ak pye bwa ak espas vèt bay kominote nou yo yon pi bon kalite lavi. Mwen tèlman fyè pou m delivre 7.1 milyon dola sa a nan Lwa sou Rediksyon Enflasyon an ki pral ede konbat chalè ekstrèm ak amelyore kalite lè Nouyòkè yo. Lajan sa a pral ede pote nouvo lavi nan kominote atravè Eta New York epi bay fanmi yo yon anviwonman ki pi vèt, ki pi an sante."

Reprezantan Pat Ryan te deklare, "Kouvèti pyebwa se yon nesosite absoli pou yon vil k ap pwospere, sitou lè Hudson Valley ap toufe anba yon vag chalè istorik youn apre lòt ete sa a. Mwen fyè dèske investisman sa yo pral ogmante kouvèti ovan, amelyore rezistans klimatik, epi kreye travay ki byen peye alavni. M ap kontinye goumen pou m pote plis dola federal nan Lwa sou Rediksyon Enflasyon an pou fè Hudson Valley vin tounen yon kay dirab ak vibran pou jenerasyon k ap vini yo."

Gen yon lis pwojè yo akòde yo selon rejyon ki anba la:

REJYON CAPITAL

Konte Albany

- Depatman Sèvis Jeneral Vil Albany: 420,260 dola - Aplikasyon Plan Jesyon Forè Kominotè

Konte Greene

- Vilaj Atèn - 340,633 dola; Aplikasyon Plan Jesyon Forè Kominotè

Konte Rensselaer

- Vil Troy - 317,600 dola; Aplikasyon Plan Jesyon Forè Kominotè

NY SANTRAL

Konte Cortland

- Vil Cortland - 65,000 dola; Jesyon Pye Frèn nan Kominote Defavorize yo

Konte Onondaga

- Vil Syracuse - 495,283 dola; Aplikasyon Plan Jesyon Forè Kominotè

FINGER LAKES

Konte Genesee

- Vil Batavia - 452,732 dola; Jesyon Pye Frèn nan Kominote Defavorize yo

Konte Monroe

- Vil Rochester: 199,625 dola; Aplikasyon Plan Jesyon Forè Kominotè

Konte Orleans

- Distri Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo nan Konte Orleans - 468,479 dola; Jesyon Pye Frèn nan Kominote Defavorize yo

LONG ISLAND

Konte Nassau

- Vil Glen Cove - 25,706 dola; Jesyon Pye Frèn nan Kominote Defavorize yo

MID-HUDSON VALLEY

Konte Orange

- Pak ak Rekreyasyon Konte Orange - 63,154 dola; Jesyon Pye Frèn nan Kominote Defavorize yo

Konte Ulster

- Vil Kingston - 491,550 dola; Aplikasyon Plan Jesyon Forè Kominotè

Westchester

- Vil New Rochelle - 35,000 dola; Jesyon Pye Frèn nan Kominote Defavorize yo

VIL NEW YORK

Konte Bronx

- Woodlawn Conservancy Inc - 473,392; Aplikasyon Plan Jesyon Forè Kominotè
- Natural Areas Conservancy Inc - 394,658 dola; Jesyon Pye Frèn nan Kominote Defavorize yo

Konte Kings

- Big Initiatives Incorporated: 407,457 dola - Aplikasyon Plan Jesyon Forè Kominotè
- The Evergreens Cemetery Preservation Foundation - 500,000.00 dola; Aplikasyon Plan Jesyon Forè Kominotè

Konte New York

- Simityè Green-Wood - 498,035 dola; Aplikasyon Plan Jesyon Forè Kominotè

- Randall's Island Park Alliance Inc - 497,742 dola; Aplikasyon Plan Jesyon Forè Kominotè

NORTH COUNTRY

Konte Clinton

- Distri Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo nan Konte Clinton - 229,622 dola; Jesyon Pye Frèn nan Kominote Defavorize yo

Konte Jefferson

- Vil Watertown - 400,000 dola; Aplikasyon Plan Jesyon Forè Kominotè

Konte St Lawrence

- Vil Massena - 231,342 dola; Jesyon Pye Frèn nan Kominote Defavorize yo

SOUTHERN TIER

Konte Broome

- Vil Binghamton - 33,333 dola; Aplikasyon Plan Jesyon Forè Kominotè

REJYON LWÈS NEW YORK

Konte Chautauqua

- Vil Dunkirk: 122,446 dola; Aplikasyon Plan Jesyon Forè Kominotè

Pou reyalize plis objektif klima New York yo, Diskou sou Sitiyasyon Eta 2024 Gouvènè Hochul la ak Bidjè Eta ki te adopte pou ane 2024-25 la te enkli 47 milyon dola atravè [Lwa sou Obligasyon](#) Anviwònmantal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt la pou sipòte objektif pou plante 25 milyon pye bwa nan tout eta a dis 2033. Objektif sa a pral ankouraje efò plantasyon pye bwa Eta a atravè sibvansyon anyèl pou plizyè ane bay minisipalite yo pou yo plante pye bwa pou sipòte rebwazman fleksib ak forè iben, modènize Pepinyè Komemoratif Kolonèl William F. Fox nan Saratoga DEC la, epi angaje pwochen jenerasyon jerans anviwònmantal la.

###

ANILE ENSKRIPSYON OU